Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 16 август Рузман №37 (7851) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Олимпиялъул борхалъуда цоги цIумадисев



Парижалда олимпиялъул «месед» щвана нилъер ракьцояв Инхокъвариса МухIамад Рамазановасе.

Ункъосонил хIаязда 86 кг. цIайиялда МухIамад Рамазанов вахъана эркенаб гугариялъул рахъалъ олимпиялъул чемпионлъун.

ХIасилияб дандчIваялда Рамазановас ракIчIараб бергьенлъи босана иранazул машгъурав гугарухъан, олимпиялъул чемпион ХIасан Язданида тIад.

МухIамад Рамазанов ккола цIумадисезул лъабабилев олимпиялъул чемпион.

* * *

## Олимпиялъул хIаязул чемпион МухIамад Рамазановасе

Рорхатал мугIрузул мустахIикъав вас,
МухIамад, дудаса чIухIун руго ниж.
Дуца, цIумадисес, бихьизабуна
Дунялалда къуват, къвакIараб гIамал.

Олимпиадалъул меседил медаль
Босун щвела гьанже мун Инхокъварив.
Тарихалъ цIунила наслабазе цIар,
Мун гIадал гьареги инсуе васал.

Инсул заниялда аскIов эхетун,
Дур мурад тIубанин, бетIер къулила.
Жакъа кигIан дуе гьев камун вугев,
Дур рохел бикьизе аскIов хутIичIев.

Нилъер къурабазда меседил хIарпаз
Хъвазе рекъела цIар дир ракьцоясул.
Дур гIадатлъигицин борхалъи буго,
Меседлъун кенчIолеб гIамал-хасият.

Бергьенлъигун щвела мун ВатIаналде,
ВатIаналъе хисун гали босичIев.
Нилъер гугарухъан, нилъер къеркьохъан,
Эбел-инсул адаб ккурав бахIарчи.

**Сабигат МухIамадова**

ЦIумада районалъ-95 сон

## ЛъикIал гIадамазул росу бугоан

Сверухъ накIкIил бацараб рорхатал мугIруз берцин гьабураб кьурабазул ракьалда, ай кинабго сверухъльи бихьулеб гьоркьан ГIанди гIор чвахулеб гохIил борхалъуда бараб росу буго Метрада.

Сверухъ гIемер батула гIалхул чан. ГьабсагIаталдаги руго гьенир мугIрул бисал, рохьил дугIби, цер, цакъу, бацIал, гIангурал, ци, болъон, гIанкI, мокъокъ, гIунсби, рохьил гIанкIу, цIум, масакI (форель) чугIа ва цогидабги рухIчIаголъи.

Росу гIуцIилелде цересел умумуз бетIербахъи гьабулеб букIун буго чан гьабун. Чанахъанлъиялдаса щвараб давла бикьулеб бакI букIун буго гьанже росу бараб бакI. Гьедин давла бикьиялда абулеб букIун буго «МетIро» абун. Гьеб рагIудаса бачIарабин абула росдада цIарги. Гьениб нух гьабизе хIама, чу, гIадамал хьвадизе байбихьун буго хIуригат бахъун хадуб. ХIуригат ккелелде гьениб букIун буго «Ункъракьин» абун район, гьелъул центраги букIун буго Эседа росулъ.

1928 соналъ районалъул центр бахъун буго ЦIумада-гIурухъ, 1935 соналъ - Агъвали. 1938 соналъ Метрада гIуцIула колхоз. ЖамагIаталъе цIакъго захIматаллъун рукIана КIудияб ВатIанияб рагъул сонал. Метрадаса лъеберала микьго чияс гIахьаллъи гьабуна рагъда, гьезул тIад вуссана къоло кIиго чи.

Биценалда рекъон, тIоцебесеб нухалъ росу гочинабун буго гIага-шагарго 1871 соналъ Ставрополалъул губерниялде. Гьенисан тIадруссун гьечIо лъабил бутIа гурони. 1944 соналъ Чачанал Гьоркьохъеб Азиялде гочинаридал гьезул бакIалде гочинарурзада гьоркьор рукIана метрадиселги. Гьел гочине ккана Ведено районалъул МехкитIа росулъе. 1958 соналъ метрадисел жидерго ватIаналде тIадруссана. Гьедин тIадруссунаго, цоял чIана Чачаназул Шалиялда, цоял Хасавюрт районалъул Муцалаулалда ва Бабаюрт районалъул Туршунай ва Хамаматюрт росабалъ, хутIарал цIидасан гочана гIагараб росулъе.

1983 соналъ росулъе бачана ток. 2002 соналъ гьединабго захIматлъи бихьун, бахъана машинадул шагъра-нух. 2012 соналъ росулъ бана гьаб заманалъул шартIазда рекъон кколеб цIияб школа. Цере росулъ тIадегIанаб лъай бугел учительзаби рукIун ратичIони, цо-цоккун цIикIкIунел руго гьанже гьел.



Гьединго жанив чи ине санагIалъи хвараб хIалалда букIана росдал мажгит, 2018 соналъ къучIдасанго цIи гьабун бана басриялъул бакIалда цIияб мажгитги.

Гьенибго аскIоб буго васалги ясалги цIалулеб цIибараб мадраса. Росу буго гIалимзаби цIикIкIараб, накъшубандиябгун шазалияб ва жазулияб тIарикъаталъул устар Гъамбулат Апанди гьавураб ва гIураб. ГьабсагIат росулъ буго гьоркьохъеб школа, лъималазул ах, медицинаялъул хьулухъ гьабулеб рукъ, библиотека. Росулъе бахъана машинадул нух, кватIичIого бачIине буго газ.

Росулъе щолел бакIалда нухдаго буго даруяб лъим. Гьенир гIемер щола рикIкIадаса лъеда хадур гIадамал. Гьелъ сах гьарула ургьисалаби, тIагIинарула ганчIал, гьединго цIидул кIорщол, цогидал бакIазда лъугьараб сали. ГIемер руго росу сверухъ даруял хурдул, чанго батIи- батIиял гьутIби.

Гьедин бугониги, жакъа хIукумат цебе тIолеб заманалда, рорчIулел гьечIо захIматлъабаздасанги. 1983 соналъго лъурал токалъул хIубал руго турулел, хисизе кколел.

ГьечIо росулъ хIухьбахъиялъе клуб, спортзал, футболалъул площадка ва цогидалги социалиял объектал. Хьул буго гьелдеги хIукуматалъул ирга щвезе батилин.

**ХIабиб Давудов,** Метрада росу

# Путь к Олимпу длиною в четверть века

9 августа 2024 года. Это дата войдет в историю Цумадинского района как исторический день появления еще одного, третьего по счету Олимпийского



чемпиона. Имен предыдущих мы хорошо знаем. Это знаменитый мастер вольной борьбы тиндинец Сагид Муртазалиев и дзюдоист тлондодинец Тагир Хайбулаев. И вот уже этот список пополнил инхокваринец Магомед Рамазанов. Долгим был путь его к заветной Олимпийской вершине. И Магомед эту вершину покорил в столице Франции Париже вечером 9 августа 2024 года. Ликовали не только инхокваринцы, радовался весь Цумадинский район, восторженные возгласы раздавались по всему Дагестану. Не беда, что он выступал за Болгарию, но он наш Дагестанец из орлиного края -Цумадинского района. В весовой категории 86 килограммов равных нашему Магомеду Рамазанову на Олимпиаде в Париже не оказалось. Заветная мечта сбылась! Нелегким был путь к этой вершине. И этот его путь начался в селении Октябрьское Хасавюртовского района, где после переселения из Чечни и жили инхокваринцы.

В большой и дружной семье в селе Октябрьское родился и отец Магомеда Эльдар. А его отец Магомед Рамазанович Иманмагомедов более полувека руководил Октябрьской средней школой. Много сил и знаний отдал обучению и воспитанию нескольких поколений инхокваринцев и квантладинцев, проживающих в селении Октябрьское. И детей своих, естественно, не обделял вниманием. Все девять мальчиков и девочек Магомеда Рамазановича выросли, выучились, стали образованными и полезными обществу людьми. Среди них был и Эльдар тоже воспитавший семерых детей, старшим из которых является герой нашего сегодняшнего рассказа. К огромному сожалению, отцу Магомеда Эльдару не суждено было дожить до сегодняшнего радостного дня, о котором он мечтал. Эльдара забрала в мир иной коварная болезнь коронавирус, эпидемия которой бушевала по всему миру несколько лет тому назад. Но сын Магомед верный заветам отца исполнил его мечту. Магомед стал тем, кем хотел его видеть отец. Он сегодня Олимпийский чемпион.

В роду Рамазановых не было особо заметных спортсменов. Так себе занимались ради увлечения. Но вот появился один из них серьезно увлекшийся вольной борьбой. Двоюродный брат Магомеда Закария занимался вольной борьбой вместе с такими мастерами этого вида спорта как Махач Муртазалиев, братья Батыровы, Рамазан Ирбайханов.И ничуть им ни в мастерстве, ни в выносливости не уступал. Но к тому времени привилегии, которые советская власть давала одаренным спортсменам, ушли в небытие. А бедным сельским жителям где же взять огромные суммы денег для отправки сына на большие соревнования. Закария так и остался в селе. Благо, подрос двоюродный брат Магомед и решил стать его тренером.

С шести-семи лет я занимался этой работой и тренировал Магомеда до окончания им девятого класса. Лет пятнадцать тому назад покойный мой дядя Эльдар со своей семьей переселился на постоянное место жительства в Астрахань.

-Судья по сегодняшнему результату, мне кажется, что я сумел нормально преподать Магомеду первоначальные уроки, привить любовь и преданность этому виду спорта. Я рад, что мои уроки не прошли даром, -говорит с радостью Закария Рамазанов.

-Закария всегда приводил мне в пример великого русского полководца, генералиссимуса Суворова, -улыбкой вспоминает те школьные годы в Октябрьском Магомед. Изо дня в день любил он повторять мне слова Суворова: «Тяжело в учении - легко в бою». Этот урок я усвоил и придерживался правила всю жизнь. Мне сейчас только тридцать, но тем не менее.

В Астрахане у Магомеда появились новые тренеры. И условия, конечно же, намного лучше. Прекрасно оборудованные борцовские залы, тренировали его неплохие мастера своего дела. С благодарностью Магомед произносит имена Хайбулы Нургаджиева (ныне директора ДЮСШ Цумадинского района), Израила из Кванхидатли, Рамазана из Каспийска. К ним привел Магомеда его покойный отец Эльдар. И определил на заочную учебу в юридический колледж. На этом его учеба по специальности юриспруденция не завершились. Без отрыва от основной работы закончил юридический факультет Астраханского государственного университета.

Так жизнь продолжалась своим чередом. Появились первые успехи на борцовском ковре, районные масштабы сменились республиканским, а там чемпионаты Северо-Кавказского федерального округа. Все шло переменным успехом. Были взлеты и падения, радости и огорчения. На то он и есть спорт.

-Отец мой очень хотел, чтобы я тренировался у высококлассных тренеров. Так с помощью Ихаку Гайдарбекова попал в школу олимпийского резерва в городе Хасавюрте к заслуженному тренеру Российской Федерации Магомеду Гусенову. Три с половиной года повышал я свое мастерство борца вольного стиля в этой школе. И даром мои труды не пропали. Но не радовали меня результаты на ковре. Мне тогда было уже 24 года. Несколько призовых мест на международных и российских



турнирах, травмы руки, ноги, поясницы. Приходила мысль и порывался бросить казавшееся мне уже бесполезным занятие борьбой. Постарел, думаю, для борьбы. Да и с финансами было в семье нашей туго. И тут в моей жизни появился новый тренер, с которым я не расстаюсь и сегодня, это Вадим Алексеевич Бияз. Сам Всевышний Аллах послал мне его. Вот он вселил в мою душу надежду, веру, уверенность в том, что не все еще потеряно и ни в коем случае нельзя опускать руки, -вспоминает Магомед о своих разочарованиях и об очередном своем тренере, поддержавшем и поддерживающем и сегодня и морально, и финансово, и материально. С этим тренером и связано сегодняшнее восхождение Магомеда к олимпийской вершине. Жители селения Октябрьское в знак благодарности перед олимпиадой в Париже отправили тренеру Магомеда Рамазанова Вадиму Алексеевичу памятный подарок в виде сабли с дарственной надписью и обещали подарить ему папаху, бурку и коня, если Рамазанов завоюет золото на Олимпиаде в Париже. И завоевал же! Не без помощи Вадима Алексеевича. Давайте, инхокваринцы, славные хъварщикIкIалинцы, подумаем над тем, какую папаху и бурку, коня-то наверное, не сможем, подарим тренеру нашего Магомеда.

Мы, кажется, отвлеклись от главной темы нашего разговора. Наш славный богатырь Магомед убедительно и настойчиво просил меня назвать имена всех тех, кто так или иначе помог ему в сегодняшней его победе. К большому сожалению, не знаю я всех, кто причастен и к прошлым, и настоящим успехам его. Но в этом ряду особое место занимает прославленный в прошлом борец вольного стиля, чемпион Европы 1975 года, обладатель кубка мира, чемпион многих международных турниров Ихаку Гайдарбеков. По просьбе отца Ихаку занялся вместе Вадимом Алексеевичем дальнейшей тренировкой Магомеда. В лучших залах Москвы, в олимпийской деревне в Нарофоминске, в Центральном спортивном клубе (ЦСКА,) вместе с командами Москвы и Трудовых резервов тренировался Магомед почти два года. И результаты не заставили себя долго ждать: чемпион мира среди Вооруженных Сил, второй призер чемпионата Европы, обладатель Кубка мира, победитель Гран-при «Иван Ярыгин», призер чемпионата России, чемпион международного турнира Али Алиева. И это неполный перечень побед Магомеда Рамазанова. Примерно с таким багажом успехов подошел Магомед Рамазанов к Олимпийскому 2024 году в Париже. И ему до этого еще тесно почему-то стало в сборной России. Спортивное руководство страны предпочтение отдало другим, и он волею судьбы оказался в сборной Болгарии.

-Где бы не был, за кого бы я на борцовский ковер не выходил, я был и остаюсь, прежде всего, сыном своего народа, гражданином Российской Федерации с уверенностью говорит Магомед Рамазанов.

Сегодня все позади. И предолимпийские волнения, и нервные страсти. Сегодня, коментировав произошедшее на олимпийском ковре, вряд ли кого могу удивить чему-либо. В каждом из этих четырех поединков наблюдавшие увидели особую уверенность Магомеда в себе, подчеркнутость и высокое мастерство в каждом движении. Каждий из нас наблюдавщих чувствовал то,что Магомед в душе говорит, я сегодня хозяин олимпийского ковра в Париже в весе 86 килограммов и равных мне нет. И он сразу же задал тон, доказал, что это именно так. Схватка с канадцем завершилась досрочно со счетом 11:1. С такимже результатами завершились поединки и в остальных встречах. А в финале прославленный иранский последователь мазандаранского тигра Хасан Яздани и вовсе спасовал. Магомед и с ним показал высший класс вольной борьбы.

Обрадовал нас Магомед. Ликует сегодня все хварщинское ущелье, весь Цумадинский район и вся Республика Дагестан.

- Ну и что же дальше будем делать. Можно бы остановиться. Устал ведь. Почти двадцать пять крови и пота пролил, много, но цели достиг,- пытаюсь узнать о дальнейших планах Магомеда.

-Прежде всего, как закончу свои дела в Болгарии, лечу прямо домой, к семье, к матери родной. На могилу к отцу схожу и скажу ему: «Вот, отец родной мой, исполнил я твою заветную мечту, привез я тебе золотую медаль олимпиады. Ты со мной во все времена, всюду. И повешу эту золотую медаль на надгробный камень отца. А после, как суждено, так и будет.

Хочется, конечно, принять участие в чемпионатах мира, Европы, заняться тренерской деятельностью. Брата Рамазана то же ведь надо подготовить к очередной олимпиаде.

Успехов тебе, наш олимпийский чемпион!

**Гирай Гайдаров**

**К 25-летию разгрома международных бандформирований в Дагестане**

# Мы защитили не только свои дома, но и всю Россию

Ровно четверть века назад, в очередной раз испытанием на сплочённость и единство Российского народа стала попытка международных террористов во главе с Басаевым и Хаттабом разобщить общество, отделить Северный Кавказа от Российской Федерации. На тот момент международный террор шагал по планете широким шагом. Так бывает, когда руководят страной алчные руководители и их приспешники. Хочу уверенно отметить, так было, есть и будет, об Дагестан сломали зубы многие полководцы! Многотысячные армии мира!



Сегодня со мной вспоминают о тех нелегких августовских днях Газимагомедов Омарасхаб Исаевич, занимавший тогда должность главы администрации села Гигатли и Магомедов Магомед Зулгуджаевич, полковник полиции, в то время начальник межрайонной налоговой полиции в Ботлихе.

**-Омарасхаб Исаевич, в те нелегкие дни, Вы руководили администрацией сельского поселения «сельсовет Гигатлинский», расскажите, как все начиналось.**

-Предварительно за четыре месяца до основных событий от главы муниципального образования села Кенхи была информация о том, что готовится вторжение международных террористов, во главе с Басаевым и Хоттабом, со стороны Кенхи. Подтягиваются террористические силы для продвижения вглубь Дагестана, через село Гигатли Цумадинского района. Я, как глава сельской администрации, без паники созвал актив села, и мы предприняли определенные меры для защиты своих граждан и границ. После того, как было проинформировано руководство, первым в районный центр Агвали приехал член Госсовета Республики Дагестан, руководитель Дагэнерго, и сразу же был созван совет о решении вопроса защиты граждан и обеспечении их всем необходимым. В эти тяжелые для гигатлинцев и для всего района дни, мы не были одни, к нам в район прилетел министр МВД Дагестана Адильгирей Магамедтагиров. Село Гигатли на тот момент было горячей точкой на карте Российской Федерации. Министр МВД вызвал меня к себе, я, как глава администрации, доложил о сложившейся ситуации на границе с чечной, в том числе было доложено о том, что вблизи села Кенхи сосредоточено более полутора тысяч вооруженных «до зубов» боевиков. После услышанного доклада министром МВД было принято решение о переброске сил ОМОН к административным границам Чеченской Республики и, что и было исполнено в течение ближайших четырех часов.

**-Какова была цель террористов?**

-Главной целью Басаева и Хаттаба было отделение Цумадинского района от основной части Российской Федерации и создание своего террористического анклава в горных районах Республики на стратегически важном участке федеральной границы с Грузией. Мной было принято решение отправить переговорщиков к террористам. Желающих было достаточно, но отправлены были Абдукадыров Ш., Гаджиев Ш. и Магиматов Ш. Встреча была организована мной и главой администрации села Кенхи Чеченской республики. Моя задача была в затягивании времени для сосредоточения своих сил и обеспечения их готовности отразить возможное вторжение. Встреча проходила дважды, переговоры результатов не дали. После, мной было принято решение связаться с главой администрации села Кенхи для организации встречи с боевиками в его присутствии. Была организована встреча с боевиками, но переговоры не дали результатов, и каждый остался при своем, но мы получили время, ценное для нас, для подготовки к защите рубежей.

**-О чем были переговоры?**

-Мы пытались уговорить боевиков отказаться от идеи пройти через село Гигатли. Они настаивали на проходе через село, вглубь Республики, для перекрытия в Гигатли- Урухе единственной автодороги в район, а также занятия стратегически важных ущелий, где можно создать укрепленные позиции. По ходу переговоров было понятно, что боевики имеют информацию о подготовке к защите рубежей с нашей стороны. Вся полученная в ходе переговоров информация была мной доложена в МВД, Абдуразакову Магомеду, и таким образом, зная о планах боевиков, мы были на шаг впереди. Гражданские люди, не жалея себя, стояли плечом к плечу с силами Дагестанского ОМОНА до прибытия федеральных сил.

Своими воспоминаниями о прошедших событиях с нами также поделился Магомедов Магомед Зулгуджаевич, в то время занимавший должность руководителя межрайонной налоговой полиции в Ботлихе.

**-Магомед Зулгуджаевич, где вы находились в 1999 году, когда над нашей малой родиной, селом Гигатли, нависла угроза?**

-В то время я был в очередном отпуске в городе Сочи, когда услышал в выпуске новостей по телевизору, что силы террористов, вооруженные «до зубов», сосредоточены близ административной границы селения Кенхи Чеченской республики. Мной было принято решение немедленно выехать в Дагестан. На следующий день я был уже в Махачкале, а через сутки уже в селе Гигатли. По прибытию в село встретился с активистами села, мы решили организовать ополчение для защиты села, района и в целом государства. (Это происходило 25 июля1999 г.)

**-Магомед Зулгуджаевич, были ли указания от власть имущих, или это были личные решения?**

-Указаний сверху не было, решение принимались нами самими. Мы прекрасно понимали ответственность за принятые тогда решения, понимали их последствия и готовы и сегодня за них отвечать. Необходимо было принимать решение здесь и сейчас. Время не терпит отлагательств. Активистами села составлялись списки добровольцев для вступления в отряды ополченцев. 1 августа 1999 года я взял с собой семь единиц нарезного оружия, На годекане, когда я выступил и предложил старикам, женщинам и детям покинуть село и переехать на более безопасное место, из толпы были слышны лишь возгласы: «Никто не заставит нас покинуть родную землю, мы будем стоять до конца, защищая ее!». После выступления мы, активисты села, поехали в школу, куда за нами подтянулось все село. Вереницы людей всех возрастов, от малышей до стариков, тянулись по всем трем дорогам, которые ведут в школу, все хотели внести свою лепту в защиту родного села и своей Родины. Все сельчане, как один, дали клятву: «Никто не покинет село!». Шамилова А. и Омармагомедова С. со своими людьми мы отправили на передовую. И остальные к ним присоединялись, командирами отрядов были назначены Амирлаев А., Ахмедов М., Абдулгафуров А., Омармагомедов А., Газиев С., Патахов А., Газимагомедов М., Рамазанов Г., Абдулбасыров Д., Исаев А, Аюбов И., в последующем список добровольцев только увеличивался. Было организовано десять постов вокруг села. Вся информация стекалась в штаб, который находился в сельском почтовом отделении. Начальником штаба мы назначили Загидова Магомеда, учителя Гигатлинской средней школы круглосуточно несли дежурство. После получения информации об организации ополчения заместиель министра МВД Дагестана Магомед Омаров под мою ответственность передал нам четыре автомата Калашникова. Односельчане, проживающие за пределами района, также не остались в стороне, художник Али Магомедов и кизлярская община собрали денежные средства для приобретения оружия. Благодаря Магомеду Омарову была оперативно организована закупка всего необходимого. Чтобы вовремя доставить оружие и технику на передовую были организованы взрывные работы. Для прокладки дороги по указанию генерал-полковника Казанцева В. Г. нам были переданы военную технику: БТР и три минометных расчета. Загид Загидов, командир ОМОНа, сказал мне тогда: «Я чувствую поддержку и патриотизм населения!». Старшее поколение также не обделяло нас вниманием, старались помочь чем могли, хотелось бы отметить помощь ныне покойных Газимагомедова М., Саадулаева И., Абдулкадирова Ш., Дибирасулаева М., Бадрудинова Г.

**-Были ли боестолкновения с боевиками?**

-Да, были в местечке БечIакьи и Ичихъан. Ополченцы, не щадя себя отстояли границы района, не пропуская силы боевиков до 25 августа 1999 года. После разгрома международных бандформирований, председатель правительства РФ В.В. Путин прилетел в Ботлих. Когда мы собрались вокруг В.В. Путина, в честь разгрома террористов были налиты «победные» рюмки, где была произнесена фраза, ставшая крылатой: «Мы с вами не имеем права позволить себе ни секунды слабости. Если мы это сделаем, тогда те, кто погибли, получается, они сделали это напрасно. Поэтому сегодня я предлагаю эту рюмку поставить. Мы обязательно выпьем за них. Обязательно. Но пить будем потом», - произнес тогда Владимир Путин. И свое обещание он выполнил на 20-летие победы над международными террористами.

Главари бандформирований не учли тот факт, что у нас на Кавказе с оружием в руках в гости не ходят! После шестеро гигатлинцев были награждения орденами мужества.

И в заключении я вновь обращаюсь к Омарсхабу Исаевичу Газимагомедову:

**-Скажите, какой след оставили события 1999 года, как они отразились на судьбе нашего села?**

- События 1999 года показали, что нам есть чем гордится, это отметил и В.В. Путин, который четыре раза встречался с представителями сел Гигатли, Гагатли, Годобери, Анди, Шодрода, Ансалта, с благодарностью за сплоченность и боевой дух, которые были показаны ополченцами. В свою очередь правительство РФ выполнило свои обещания - проведя газ в горные села, построив новые школы и поддерживая развитие региона.

**На снимке:** Гигатлинские ополченцы и сотрудники Дагестанского ОМОНа

**Магомед Меджидов**

## Конкурс

# Отбор кандидатур на должность главы сельского поселения

Решением Собрания депутатов сельского поселения «село Хушет» от 09.08.2024г. №1 на 17 сентября 2024 года повторно объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Хушет».

Приём документов от граждан, желающих принять участие в конкурсе будет осуществляться в администрации сельского поселения «село Хушет» в рабочие дни с 9-00 до 12-00 и с 13-00 до 17-00 час. со дня опубликования (обнародования) настоящего объявления в печати до 05.09.2024 года (включительно).

Для участия в конкурсе кандидат представляет лично следующие документы:

1) личное заявление на участие в конкурсе;

2) собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий 4 х 5 - 3 шт;

3) паспорт или заменяющий его документ;

4) документы, подтверждающие профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии);

- документ о профессиональном образовании;
- трудовая книжка или иной документ, подтверждающий трудовую (служебную) деятельность гражданина;

5) сведения о доходах и расходах кандидата, его супруги (супруга), несовершеннолетних детей, принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах;

6) согласие на обработку персональных данных.

Также подаются копии документов, указанных в подпунктах 3 и 4.

В качестве конкурсного задания кандидат представляет разработанную им программу действий, направленную на улучшение социально-экономической ситуации в сельском поселении.

Программа обязательно должна содержать:

- оценку текущего социально-экономического состояния сельского поселения;
- описание основных социально-экономических проблем сельского поселения;
- комплекс предлагаемых кандидатом мер, направленных на улучшение социально-экономического положения и решение основных проблем сельского поселения;

Программа подписывается кандидатом и представляется в комиссию в день проведения конкурса.

Иные условия и порядок проведения конкурса, формы необходимых для участия в конкурсе документов утверждены решением Собрания депутатов сельского поселения «село Хушет» от 06.07.2015 г. №8 «Об утверждении Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения».

Дополнительную информацию можно получить в администрации сельского поселения «село Хушет» или в отделе правовой работы и информационных технологий администрации муниципального района «Цумадинский район».

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Хушет»** **Б. Зулиев**

## Лъалищ нужеда?

Машгъурав пианист Бетховенида лъалеб букIун гьечIо я бикьизе, я кьабизе. Гьев хьвадулев вукIун вуго латиназул школалде, гьениб малъун буго гьесда дагьабго математика, амма кинго лъан гьечIо бикьизе ва кьабизе, жубазе гурони.

Цо нухалъ лъабкъоялда кIиго кIикъоялде анцIиде кьабизе къваригIараб мехалъ, гьес 62-ялъул тарих 50 нухалъ хъван буго мухъилъ, ва хадуб кинабго жубан буго.

* * *

Тарихалда жаниб бищун къокъаб рагъ букIана 1896 соналъул 27 августалда Британиялда ва Занзибаралъул султанаталда гьоркьоб. Гьеб халат бахъана 38 минуталъ. ХIасил-Британиялъул империялъул бергьенлъи.

Гьеб ккеялъе гIилла букIана Занзибаралъул султан Халид Баргашица пачалихъалъулаб хиса-свери гьаби.

* * *

Антрактидаялда буго Оникс абулеб лъар. Гьелъул халалъи буго 30 км. ЦIорораб кантиненталъе гьеб цIакъ кIудияб буго.

ХIикматаб жо, лъагIалида жаниб гIицIго кIиго моцIалъ гурони чвахуларо гьеб, хутIараб заманалъ чIун букIуна тIинде щвезегIанги цIорон.

# Хъалиян - илбисалъул гъвесги кIващги

Хирияв Аварагас (жинда Аллагьасул салат салам лъеяв) абун буго щив чи вугониги бусурбабазул ургъел гьабуларев,



гьев гьездасан (ай бусурбабаздасан) гьечIилан. Аварагасул (гI.с.с.) гьаб хIикматаб рагIиялъ тIамуна дун, Аллагьасда цеве вахъун чIараб мехалъ, дуца дурго диналъул вацал-яцалазе гьитIинаб бугониги пайда бугеб жо гьабунищан гьикъидал, жавабалъе букIине хъалияналъулгун сунтIалъул зарал диналъул вацазда бицине.

Шазалиябгун Накъшубандияб тIарикъаталда 50-ялдасаги цIикIкIун сонги барав,ункъо нухалъ Аллагьас хIежалдеги ахIарав биологиялъул гIелмабазул гIалимчи вукIин хIисабалда хъвана дица гьаб макъала жакъа гьаб дунялалдаги, метер ахираталдаги хъалияналъул бугеб заралалъул хIакъалъулъ, устарзабаз бицарабщинаб цIалунгIаги тезе бокьиялъ.

Шайих КъутIбудинил ГIаскъаланияс рикIкIун буго хъалияналъул черхалъе бугеб нусиялда къого зарал. Имам ГIабдулвагьаб Шагьранияс лъабнусго зарал бугин абун буго. КъастIаланияс рицун руго гьал заралал: холев чиясда шагьадат битIизе кIоченаби, гьев мекъса ккезави, рухI бахъулеб бакIалде рахIматалъул малаикзаби рачIунареблъи, рухI иманалда бахъунареблъи.

Хъалиян цIалев чиясул ва сунтIухъанасул кIиябго гьежда ругел малаикзаби рикIкIалъула гьеб цIан лъугIизегIан.

Хъалияналъул заралалъул хIакъалъулъ дица бицунаго унеб буго 50-60 сон. Районалда хIалтIулеб мехалъ дица гIемер насихIат гьабулаан учительзабазе, щоферзабазе, лъалелги лъаларелги гIолохъабазе, гьудулгьалмагълъиялъе хъалияналъул бицун. Дир калам бичIчIараз цо-цояз толаан, цогидаз, тезе бугин абун, бухIулаан.

Накъшубандияб тIарикъаталъул устар Хуштадисев ПирмухIаммад ХIажиясул (къ.с.) вас СаидхIусейн вукIун вуго гIелму-къуръан инсуцаги цогидал гIалимзабазги малъарав бергьарав гIалимчи. Гьесухъе гьоболлъухъ вукIарав Нажмудиница устар къваригIелалъ хIужралъуса къватIиве индал бухIун буго хъалиян. Жаниве вачIиндал устарас гордо рагьун буго квешаб махI бугинги абун. КIиабизеги ватун вуго гьев хъалиян бухIулев. Тун гьечIоха дуца гьеб къабихIаб гIамалин абун буго устарас. ГьедигIан квешаб жойищха гьебин абун буго гьоболас. Гьелъул квешлъи дуда загьир гьабичIого мун чIезехъин гьечIелъулги абун, гьес гIолохъаби риччан руго хабадеги ун цо пуланаб хоб бухъизе. Хабалъ къилбаялдеги сверизабун лъураб жаназа батун буго къилбаялде мугъги рехун, кIуйдул цIун хобги батун буго. Гьалеха, Нажмудин, гьалъул квешлъиян абун буго устарас. Гьелдаса хадуб тун буго гьес хъалиян ва цогидаздаги бицун буго гьелъул бугеб зарал.

ХIасан устарас (къ.с.) росдал дибирасда гьикъун буго тамахьо цIаялда щиб дуца абилеб абун. Дибирас абун буго карагьатлъиялдаса бахъунарин. Чан нухалъ гьабуни гьеб хIарамлъулебан гьикъун буго хадубги. Лъабго нухалъ гьабуни хIарамлъулилан абун буго устарас. ХIарамаб жо чан нухалъ гьабуни кIудияб мунагь кколебин абун гьикъидал, лъабго нухалъ гьабуни кIудияб мунагь кколин абун буго дибирас. ХIасан устарас (къ.с.) абун буго щуго соналъ хъалиян цIарав чи уна хабалъе щуго бусурманав чи чIварав гIадин.

Меселасул МухIаммад Апандихъа (къ.с.) вирдги босун къватIив унаго, цояс абун буго хъалиян тезе кIолеб гьечIин абун. Чан сон барабилан цIехон буго шайихас. 60 сон банин абун буго гьев чияс. 60-ялдаса 15 сон тIасаги рехун хутIараб 45 соналъухъ дуе бугин 45 бусурманчи чIваравгIанасеб мунагьилан абун буго шайихас.

Лъахъа ХIасан-афандияс (къ.с.) вагIзаялда абулеб буго:

ЧIамуге тамахьо, квешаб жо бугин,

Кваналин дур лъикIаб кинабго гIамал,

ЦIаге гьеб тамахьо, турулин керен

ЧIахIиял авлияз бицун букIинчIищ

РухI бахъуда хIинкъи бугилан абун!

ХIатта сулукалъул щайихзабаца

Баянго бицуна тамхьил хIарамлъи.

ХIукуматалъул хIалтIуда ругез кабинетго бухIуледухъ махIцизабун букIуна гIемер хъалиян цIаялъ. МоцIида жаниб 10-15 азарго гъурущ хвезабулеб буго сигаретаби росун. ЛъагIалида жаниб гьеб бахунеб буго 180 азарго гъурщиде. Гьеб гIарац садакъалъе мажгиталъубе рехани, ахираталъе дуе бугеб хайир лъай.

Илбисалъул кIващалдаса нажасабги квешабги аслу жиндир бугеб цо кьогIаб хер бижанила тамахьо абун цIар бугеб. Илбисалъ абурабила, Адам сабаблъун жиб къосин якъинаб жо бугин, амма гьедулинха, Адамил наслуялда жиндирго гъвес-кIварщ чIамизабизе бугилан.

Врачас чIезабуна хъалиян цIалев чиясул гьуърул рукIунин картIал лъугьун, рухIун, цIалкIугIадинал.

Гьеле хъалиян цIалезул пиша.

**МухIамад ГIабдурахIманов**, ТIинди росу

# ГIаща росу

МугIрузул сангараз сверун жиб къараб,
ГIатIидал мучIдуца берцин гьабураб,
Сверухъ балагьизе гохIда цIум гIадин,
РештIун бугин ккола дида доб ГIаща.

Чармил кьуру гIадал къвакIарал васал
ВатIаналъе кьунин ГIаща росдаца.
ТIоцевесев мастер цIумадисезул,
Имачуев Расул гьениса кколин.

Районго чIухIарал финансисталги-
Имачгун, Мухтаров куцанин дора.
Райком партиялъул первый секретарь
Шарапудинилги кьалбал дораса.

Унтаразе дару, дарман гьабулев,
Тохтуразул гIалим, гIакъилав инсан,
Халкъалъе вокьулев бетIерав тохтур
ИмангIалиевги гIуравин ГIаща.

Тарихалда инчIел гIалимзабазул
СияхI гIемер буго гьитIинаб росдал.
Халкъалда лъачIого къанабакь арал
БахIарзазул цIарал кинан кIоченел.

ГIащаве щвечIесда, гьеб бихьичIесда,
Гьелъул цо берцинлъи бичIчIизе гьечIо,
Дунялалда тIадго бищун берцинаб
Халичайин ккола гьелъул авлахъал.

Амма гьанже гьебги чIунтулеб буго,
ГIадамалги гочун чIобого хутIун,
ЛъикIал харибакIал, гIатIидал мучIдул,
БичIчIуларо дида, щай рехун толеб.

**МухIамад Коратов**,ТIинди росу

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1237
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баянazул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru